Repons CDC Konsènan **Zika**

ÈSKE OU ANSENT?
LI SA AVAN OU VWAYAJE

Sa nou konnen konsènan Zika

- Yon fanm ansent kapab pase Zika bay fetis ki nan vant li a.
- Lè yon fanm gen Zika pandan li ansent, sa kapab lakòz sèten malfòmasyon konjenital.
- Zika simaye plis lè yon espès marengwen ki rele *Aedes* mòde moun.
  - » Marengwen sa yo mòde moun anpil pandan lajounen. Yo kapab mòde pandan lanwit tou.
- Pa gen okenn vaksen pou evite Zika epi pa gen okenn medikaman pou trete li.
- Yon moun kapab pran Zika lè moun li konn fè sèks ak li gen Zika.

Sa nou pa konnen konsènan Zika

- Si gen yon bon lè ou kapab vwayaje nan yon zòn ki gen Zika pandan ou ansent.
- Si ou deside vwayaje epi ou trape enfeksyon an, ki chans ki genyen pou viris la enfekte fetis ki nan vant ou a ak si enfeksyon an pral bay bebe ou a malfòmasyon konjenital.

Avètisman Konsènan Vwayaj

CDC te pibliye yon avètisman konsènan vwayaj (Nivo 2 - Pran Plis Prekosyon) pou moun k ap vwayaje nan zòn Zika ap simaye yo.

- Pou dènye lis kote Zika ap deklannche yo, gade Avètisman Konsènan Vwayaj CDC yo: http://wwwnc.cdc.gov/travel/page/zika-travel-information
- Avètisman sa a se pou reponn rapò nan peyi Brezil konsènan mikwosefali kay tibebe manman yo te enfekte ak viris Zika a pandan yo te ansent.

Sentòm Zika yo

Pifò moun ki gen Zika p ap menm konnen yo genyen li. Souvan maladi a lejè ak sentòm ki dire plizyè jou jiska yon semèn.

Sentòm Zika nou wè pi souvan yo se

- Lafyèv
- Gratèl
- Doulè nan jwenti
- Zye wouj



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

CDC rekòmande fanm ansent ak fanm k ap eseye ansent yo pran prekosyon espesyal

Èske ou ansent?

Fanm ansent yo pa sipoze vwayaje nan zòn ki gen Zika.

Fanm ansent ak moun y ap fè sèks ak yo sipoze respekte etap sa yo san mank pou evite marengwen mòde yo.

Si ou gen yon moun ou konn fè sèks ak li k ap viv oswa vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, fòk ou itilize kapòt kòmsadwa, chak fwa ou fè sèks, oswa pa fè sèks ditou pandan ou ansent la.

Si ou devlope sentòm Zika yo, ale kay doktè touswit pou fè tès.

Èske w ap eseye ansent?

Fanm k ap eseye ansent ak gason yo konn fè sèks ak yo sipoze swiv etap sa yo san mank pou evite marengwen mòde yo.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou plan ou pou w ansent.

Pi Bon Pwoteksyon ou: Pa Kite Marengwen Mòde ou

Rad

- Mete chemiz manch long avèk pantalon long.
- Lave rad ak lòt materyèl avèk pèmetrin oswa achte bagay ki trete avèk pèmetrin.
  - » Pwoteksyon an ap rete sou rad ou trete apre ou lave yo plizyè fwa. Gade enfòmasyon sou pwodwi a pou w ka konnen konbyen tan pwoteksyon an ap dire.
  - » Si w ap trete rad yo ou menm, swiv enstriksyon yo byen.
- PA mete pwodwi pèmetrin yo dirèkteman sou po ou. Yo la sèlman pou trete rad.

Pwoteksyon Anndan Kayou

- Rete kote ki gen èkondisyone oswa kote ki itilize til fenèt ak pòt pou w kenbe marengwen yo deyò.
- Dòmi anba yon moustikè si ou pa gen chanm ki gen èkondisyone oswa til oswa si w ap dòmi deyò.

Pwodwi Pou Pouse Marengwen

Itilize pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre avèk Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA). Lè ou itilize yo kòmsadwa, pwodwi pou pouse marengwen sa yo san danje epi yo efikas pou fanm ansent ak fanm k ap bay tete.

- Toujou swiv enstriksyon ki sou etikèt pwodwi a.
- Remete yo jan yo di w la.
- Pa flite pwodwi pou pouse marengwen sou po ou anba rad la.
- Si ou pral mete krèm solèy tou, mete krèm solèy la avan ou mete pwodwi pou pouse marengwen an.
- Itilize yon pwodwi pou pouse marengwen ki gen youn nan engredyan aktif sa yo: DEET, picaridin, IR3535, lwil ekaliptis sitwon, para-menthane-diol, oswa 2-undecanone.

www.cdc.gov/zika